

**POU:** Komite Lekòl  
**Moun Ki Voye li:** Sirentandan Mary Skipper  
**Konsènan:** Mizajou sou Preparasyon Rantre Lekòl Ane Lekòl 2023-2024  
**DAT:** 30 Out 2023

Pandan kontantman pou premye jou lekòl 2023-2024 la ap grandi, ekip Lekòl Piblik Boston yo (BPS) ap travay di pou prepare pou retou elèv yo, pwofesè ak anplwaye yo. Ranpò mwen an antanke Sirentandan bay manm yo yon mizajou konplè sou preparasyon nou yo.

Nòt sa a pral detaye gwo pwogrè nou fè depi kòmansman ane lekòl 2022-2023 a, ke mwen pral pale tou nan rapò m lan. Nou nan yon pozisyon pou nou kòmanse ane lekòl la djanm. Mwen panse li enpòtan pou nou bay yon mizajou sou kote nou ye ane pase lè konsa ak kote nou ye jodia:

- Dotasyon pèsònèl
- Transpò
- Sèvis Alimantè
- Fonksyonman ak Etablisman
- Akademik yo
- Angajman Fanmi ak Kominote

## Fè Pwogrè - Kote Nou Te Ye Ane Pase E Kote Nou Ye Jodia

### *Anplwaye Pèsònèl - Pwofesè ak Parapwofesyonèl*

Nou nan yon pozisyon ki djanm nan kesyon anplwaye moun pandan n ap kòmanse ane lekòl la. Nan kòmansman ane **pase lekòl (2022) a**, te anplwaye **1069 pwofesè** avèk 64 aplikasyon ki te soumèt ki te kite yon **pousantaj 5% pousan plas vid**. Aktyèlman, nou anplwaye **1419** pwofesè epi nou gen **2,7% plas vid**.

### *Transpò*

Granmesi tèm ki gen nouvo kontra nou an avèk founisè transpò Transdev ak efò enfatigab Depatman Transpò BPS la, nou nan yon pozisyon ki fò pou n kòmanse ane

lekòl la. Kontra senkan nou an avèk founisè bis lan gen ladan ankoujman finansye ki ankoujan pou amelyorasyon pèfòmans ak domaj pou move pèfòmans ki ankre nan rezilta oryantasyon elèv yo ke nou pa t mete nan ansye kontra yo.

Nou gen anviwon **743 chofè ak 25 fòmator** k ap prepare pou pran wout la nan yon ti tan ki pa lwen. Nou genyen tou **675 kontwolè bis**, avèk **49 lòt** ki annatant pou Biwo Kapital Imen BPS anplwaye yo. Nan nouvo kontra nou an, nou elaji fòmasyon ak antrènman pou kontwolè bis yo pou yo bi byen sipòte elèv ki gen andikap yo.

Nou voye responsabilite transpò pa lapòs ak imèl bay tout elèv yo, ki tradui nan lang fanmi an pale lakay yo. Ekip sèvis kliyantèl Transpò a gen ladan l tout anpil anplwaye avèk yon ekip ki gen prèske 30 anplwaye sèvis kliyantèl ki pale plizyè lang, ki prè pou sipòte elèv yo ak fanmi ki gen kesyon, enkyetid oswa difikilte transpò. Si fanmi yo gen nenpòt ki kesyon sou responsabilite transpò pitit yo, yo ka rele Liy Dirèk BPS la nan 617-635-9520 oswa atravè [Pòtay Soutyn Transpò a](#).

Pandan ane lekòl ki pase a, nou te vrèman diminye kantite vwayaj ki te pèdi enfòmasyon pou yo rive (sa vle di “manke done GPS”). **Nan mwa Out (2022) a** nou te manke enfòmasyon pou **19,1%** vwayaj bis ki te pwograme nan maten ak **21,6%** vwayaj nan aprè midi. Disi **Jwen 2023**, kantite sa a te desann a sèlman **3,6%** ak **4,9%** ankò.

Mwen kontan pou deplwaman anviwon 20 bis eskolè eletrik, genyen 18 ki pwograme ki pou sou wout la pandan Ane Lekòl 23-24 la. **Se premye fwa BPS kòmanse yon ane lekòl avèk bis eletrik nan tout flòt bis li yo.** BPS te soumèt tou yon aplikasyon Pwogram Sibvansyon Bis Eskolè ki Nèf nan 2023 a nan Ajans Pwoteksyon Anviwònman pou plis pase 50 bis eletrik ankò.

### *Fonksyònman ak Etablisman*

Nou konnen ke elèv travay pi byen lè yo reponn avèk bezwen yo e nou pran angajman pou n reponn avèk bezwen sa yo nan bay manje ki bon pou la sante ak etablisman akeyan nan premye jou a.

Disi 8/25, **86 lekòl ap prè pou kèlòmanse fè manje pandan premye jou lekòl la.** Nan kòmansman **ane dènye, sèlman 67 lekòl te prè pou kòmanse fè manje.** Sèvis Alimantasyon ak Nitrisyon BPS la gen 444 pozisyon pou kafeterya ki deja gen moun epi genyen 48 ki nan pwosesis pou yo anplwaye yo ki fè yon **total 492 anplwaye. Ane pase lè konsa, te gen yon total 473.**

Etablisman BSP yo kontinye travay pou rann lekòl nou yo pwòp e konfòtab pou elèv ak anplwaye yo. Yo mete plis pase **3800** èkondisyon nan **78 lekòl** (ki fè genyen kounye a yon total 108 lekòl ki gen konfò). **Ane pase** te gen sèlman **20 lekòl** ki te gen yon total

## 916 èkondisyon.

Ete sa a Etablisman BPS yo kòmansè avèk travay renovasyon konplè nan 15 lekòl nan twalèt lekòl yo. Nan kat mwa k ap vini an, gen 346 enstalasyon ki pral renove. Pwojè penti yo fini nan plis pase 40 lekòl depi 2022. Depi kòmansman ete a, gen 13 pakin ki renove ak repentire ak ranplasman basen ak lòt amelyorasyon. Ak travay tankou netwayaj, sanitasyon, penti, renovasyon twalèt ak lòt amelyorasyon.

### *Akademik yo*

Plis pase 550 edikatè BPS te patisipe nan (Dirijan Lekòl, Ekip Ekolè) yo ak 100 anplwaye biwo Santral te patisipe nan Enstiti sou Lidèship ki t ap fè nan Out la nan Madison Park Vocational Technical High School 15 Out rive 17 Out. Seyans yo te santre sou tan travay rejyonal nan sipòte devlopman Plan Lekòl Bon Kalite (QSP) ak nan dewoulman nouvo modèl enklizyon an nan tout distri a.

Otòn sa a, chak lekòl nan distri a pral lanse yon Ekip Planifikasyon Enklizyon, ke fòmatede rejyonal yo pral devlope ak sipòte pou asire ke elèv yo jwenn bonjan ansèyman Nivo 1 ak sèvis pandan n ap aplike enklizyon an. Premye ane planifikasyon an pandan Ane Lekòl 23-24 la nou pral konsantre sou dewoulman klas Kindègadenn, 1ye ane, 2yèm ane, 7yèm ane ak 9yèm ane pou antre an aplikasyon nan Ane Lekòl 24-25 lan.

### *Angajman Fanmi ak Kominote*

Nan kòmansman semèn sa a, nou te fè yon reyinyon kominotè vityèl #Back2PBS kote ekip mwen an te prezante enfòmasyon ki trè enpòtan pou ede fanmi yo prepare pou premye jou lekòl la. Nou te gen plis pase 800 fanmi ki te rele!

Liy èd BPS la kontinye devlope kapasite yo pou yo ka prè pou ede fanmi yo avèk kesyon yo genyen nan plizyè lang. Lenguis yo disponib nan 617-635-8873 oswa pa imèl [helpline@bostonpublicschools.org](mailto:helpline@bostonpublicschools.org).

Nan dat 8/28, 103 sou 116 Ajan Lyezon Fanmi yo te prè pou bay aksè lang, òganize evenman ak bay sipò ki depase sipò akademik, epi yo pral travay an kolaborasyon avèk nèf ekip rejyonal nan distri a. Gen onz pozisyon ki pibliye. Kat Sant Akèy BPS yo ouvè e kontinye enskri elèv yo. Enskripsyon nan Ete (Jiyè/Outt) Nou gen 2124 nouvo elèv pou yon total 50,552 elèv (nan dat 8/28). Dat konsiderasyon final pou Ane Lekòl 2023-2024 la ap disponib 1ye Oktòb e kòm li enpòtan, kantite final nou nan mwa Okòb souvan pi piti ke kantite moun ki enskri nan kòmansman ane a.

*Ane sa a:*

Pandan n ap antre nan ane lekòl la, nou plis perare ke janmen. Gen anpil travay toujou ki pou fèt, men entansyon nou se dispoze yon fondasyon ki djanm. Nou konnen ke anplis de fonksyonman jou aprè jou gen plis travay estratejik ke nou dwe konsantre sou yo. Anplis de angajman kontinyèl fanmi yo ak travay akademik yo, mwen te vle pataje kèk domèn fonksyonman kle ke nou konsantre sou yo pandan ane k ap vini an:

**Ekip Planifikasyon Kapital BPS** nou an ap devlope yon ribrik ki pral bay enfòmasyon nou desizyon ki pran sou pwojè etablisman yo. Yo pral prezante l nan Komite Lekòl Boston kòm bouyon an Septanm. Yo pral pataje aktyèl vèsyon ribrik sa a avèk piblik la 16 Septanm nan yon Etablisman Ouvè pou yo ka bay opinyon yo ke nou pral antre nan bouyon y ap prezante nan Komite Lekòl la. Objektif ribrik sa a se pou defini pou Komite a ak piblik la kijan nou planifye pou pran desizyon pou pwochen pwojè etablisman lekòl yo. Anplis, nou pral fè de mwa angajman kominote avan nou pote ribrik la tounen nan Komite Lekòl la pou vòt. Nan fen ane sa a, nou pral pataje Plan Etablisman Dirab la pou kreye yon devni konplè pou travay ki nesèsè pou etablisman yo, k ap pèmèt fanmi yo, elèv yo ak anplwaye yo konprann avni kominote yo a.

**Ekip Amelyorasyon Sistèm** nou an pral kontinye travay nan òganizasyon an pou devlope ak reyalize sistèm ki dirab nan domèn kle yo nan SIP, asire ke nou reponn avèk delè yo ak kontwòl pwogrè yon fwa ke reyalizasyon an fèt.

Yon fwa ke nou fini avèk sezon rekritman an, **Ekip Kapital Imen** nou an pral fè yon evalyasyon sistèm yon gen kounye a. Distri a ajoute plis anplwaye nan ane ki pase yo epi mete fen nan yon bann kontra kolektif. Tout bagay sa yo gen yon enpak sou ekip OHC a ak sou kapasite yo. Se yon priyorite pou ke ane sa a nou konprann kisa k ap fonksyone ak ki lòt sipò ki ka nesèsè pou nou ka desèvi plis pase 11000 anplwaye Lekòl Piblik Boston yo.

**Ekip Bidjè ak Finans** nou pral finalize pwojè finans lekòl la ke yo refòmalize epi vini avèk yon nouvo pwopozisyon pou fason nou finanse lekòl nou yo. Nou pral evalye pwosesis ak reyalizasyon achat kote li posib epi finalman, nou pral analize depans nan biwo santral pandan n ap planifye Bidjè Ane Fiskal 25 lan pou n kite ESSER.